

**5.** Anrejistreman se yon pwosesis ki pemet nou kolekte pi bon enfòmasyon sou zòn ki afekte ak sou moun ki pi vilnerab yo pou pemet Gouvenman Ayisyen an ak ajans imanite yo mye planifye entevansyon yo apre pasaj yon katastrof natirel. Tanpri byen kesyon yo poze w lan. Si w gen lot kesyon oubyen lot detay, pa jennen poze ajan yo kesyon.

**6.** Lè anrejistreman an fini, n'ap ba w yon kat ki genyen non w ansanm ak kote ou rete a sou li. Kat sa vle di ou anrejistre tankou yon moun ki viktim yon katastrof natirel. **Kat sa pa yon kat idantite epi li pa garanti w'ap resevwa ankenn asistans oswa sèvis.**



illustration : Chevelin

**7.** Kat sa sèlman sèvi pou konfime ekip OIM/DPC anrejistre ou epi ou se yon moun ki viktim katastrof natirel. Enfòmasyon ou bay yo pral sèvi pou Gouvènman an ansanm ak aktè k'ap travay nan kesyon imanite.

**8.** Nan lide pou n sipòte pwosesis idantifikasyon ak dokimantasyon sa, nou pral mande w pou w montre nou kat idantite w ak nimewo CIN, NIF oswa PP ; ajan an ap fè yon kopi kat chef Fanmi an pou li kapab konekte l ak anrejistreman li an.



# PWOSESIS ANREJISTREMAN sant evakyasyon yo apre yon gwo katastrof natirel



Nan kad akò kowoperasyon ant Repiblik Ayiti ak Oganizasyon Entanasyon pou Migrasyon e sou demand gouvènman an, OIM angaje l pou l bay sipò ak gouvènman an, sitou ak Direksyon Pwoteksyon Sivil la (DPC) pou anrejistre moun ki deplase apre gwo dezast natirèl. Egzanp kowoperasyon sa se anrejistremant moun deplase yo apre tranbleman tè 2010 lan e anrejistremant moun deplase yo apre pasaj ouragan Matye (2016).



**1.** Ajan sa ap pale avèk ou nan kad pwosedi “Kòlèk Enfòmasyon an Ijans pou Siklòn Matthew”. Y’ap pale ak ou paske w’ap viv nan yon zòn ke siklòn Matthew te frape anpil, nan jou ki te 3 ak 4 Oktob 2016.

N’ap pale ak ou paske wap viv nan yon zòn riske ki ka frape pa nenpòt katastrof natirèl (tankou siklon, inondasyon eks..) Se poutèt sa yo deplase w nan yon sant kolektif (sant ijans) pou pare move tan ki te pandye a.

**2.** Pwosèdi sa genyen ladan l yon entèvyou ak ajan OIM ansanm ak ajan Direksyon Pwoteksyon Sivil (DPC) kote yo pral poze w kesyon sou fanmi ou epi sou jan katastrof natirèl yo afekte lavi w. Tanpri reponn byen kesyon.



**3.** N’ap pataje enfòmasyon sa yo ak Gouvènman Ayisyen an, ansanm ak lòt enstitisyon, òganizasyon ak ajans nasyonal tankou entènasyon ki enplike nan repons kap bay apre pasaj yon katastrof natirèl.

**4.** Se yon pwosesis volontè – kidonk ou pa oblije patisipe nan anrejistremant sila. Si ou pa vle anrejistre, fòk ou di ajan an sa.